очистку земснарядами высокой производительности. В целях обеспечения достаточной равномерной загрузки земснарядов и поддержания необходимой пропускной способности канала в период активной вегетации необходимо периодически изменять организацию очистки следующим образом. В период интенсивного поступления наносов (май-август) очистку головного отстойника выполнять траншейным способом на неполную ширину, а в период (сентябрь-апрель) –на полную.

В перспективе необходимо осуществлять следующие широко используемые в ирригационных системах Центральной Азии инженерные мероприятия для борьбы с наносами.

Способы, используемые для борьбы с поступлением наносов из реки в каналы, следующие: улучшение условий подхода реки к водозаборным сооружениям; регулирование режима наносов в реке перед поступлением их в головное сооружение и каналы; конструктирование головных сооружений с наносоперехватывающими устройствами (решётками, галереями); устройство отстойников в голове ирригационных каналов, а именно:

1.При поступлении наносов в канал очень важное значение имеет кривизна речного потока на подходе к головному регулятору канала. Данные наблюдений на моделях, а также на натурных сооружениях показали, что расположение водозаборного сооружения является наилучшим решением для минимального захвата наносов в канал. Так, например, на водозаборных сооружениях каналов Кызкеткен и Суенли, согласно проекту гидроузла, вогнутая кривая берега создавалось искусственно с помощью струенаправляющих дамб определённого очертания.

2.Данные насосы перемещаются в нижних слоях потока. Поэтому направляющие пороги в виде затопленных дамб при правильном расположении могут отвести донные наносы от головного регулятора. Однако на крупных головных сооружениях в нижнем течении реки Амударьи такой способ не применияется, так как затопленные пороги не всегда могут оказаться эффективными при сильно меняющихся за сезон расходах в реке.

3. Установленные перед головным регулятором поверхностные струенаправляющие щиты, поддерживаемые плавучей системой, влияют на направление течения поверхностного потока, защищая регулятор от поступления наносов, здесь принцип уменьшения поступления наносов в канал заключается в том, что основной поток реки должен проходить в стороне от головного регулятора.

4. Маневрирование затворами плотины также сильно влияет на завлечение наносов в головной регулятор. Поэтому выбор целесообразной схемы маневрирования затворами плотины имеет первостепенную важность.

5. Эффективным средством защиты оросительной сети от заиления и регулирования режима наносов является строительство отстойников. Практика показывает, что наиболее эффективными, технически совершенными и экономически выгодными являются многокамерные отстойники с периодическим гидравлическим промывом.

6. Для регулирования режима потока и наносов всё шире применяется метод искусственной поперечной циркуляции, предложенный М.В.Потоповым. Этот метод осуществляется путём установки струенаправляющих порогов, лотков, галарей.Опыт эксплуатации оросительных каналов в Голодной степи и в ряде других объектов подтверждает целесообразность использования такого типа устройств.

7.Увеличение транспортирующей способности магистрального канала также могло бы оказаться эффективным мероприятием. Для этого необходимо достичь соответствующего увеличения уклона канала. Однако осуществление работ по увеличению уклона канала встречает труднопреодолимые препятствия. Проведение этих работ требует значительных затрат времени. Помимо этого требуется перестройка ряда уже построенных на канале гидротехнических сооружений,что с практической точки зрения представляется нецелесообразным.

**Литература**


1. Уркинбаев Р.К., Хамдамов Ш.Р. Установление объёма заиления каналов и организация очистных работ в условиях реки Амударьи. Сборник научных трудов САНИИРИ. -Ташкент: 1987, -С. 133-139.
2. Юфин А.П. Гидромеханизация. -М.: Госстройиздат, 1965. -С.496.
3.Байманов К.И. Пропускная способность русел мелиоративных каналов в низовьях Амударьи. -Нукус: «Каракалпакстан». 1996.
4. Байманов К.И.,Назарбеков К.К. Проблемы борьбы с наносами на ирригационных каналах Каракалпакстана. -Нукус: //Вестник. ККО АНРУз, 2006. №4 -С. 34-36.



**РЕЗЮМЕ**

Мақола ирригация тармоқларидаги магистраль ва хўжаликлараро каналларда сув тиндиргичларни қўлланишнинг фойдалилигини орттириш усулларига қаратилган. Бош иншоатка сув келмасдан олдин уни чўкиндилардан тозалашнинг еттита усули кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается высокоэффективности применения отстойников на магистральных и межхозяйственных каналах ирригационной сети. В ней указаны семь способов очистки наносов перед поступлением в головное сооружение.

**SUMMARY**

The article is devoted to high efficient using of settling tanks on the main and household canals of irrigation net. The author points out seven ways of cleaning water drifts before flowing in to the main erection.


## JA'MİYETLİK HA'M EKONOMİKALIQ İLİMLER

# ЖӘҲӘННИҢ ЖЕР-СУЎ РЕСУРСЛАРЫ ҲӘМ АЗЫҚ-АЎҚАТ МОЛШЫЛЫҒЫН ДҮЗИЎ МАШҚАЛАЛАРЫ

**(глобал экономика мысалында)**


**А.Б.Пренов** - *ассистент оқытыўшы*

**Р.Т.Гаипова** – *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*

**Е.К.Умаров** - *Регионал экономика үлкен илимий хызметкери, география илимлериниң докторы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар**: ер захираси, геоиқтисодий макон, антропоген ландшафт, Эйкумен, қитъа, субтропика, муссон иқлим, ҳудуд, илмий-техник тараққиёт, интеллектуал-иновацион фаолият, УИМ, биотехнологик индустрия, захира имкониятлари, биоэнергетик заҳира.

**Ключевые слова**: земельный фонд, геоэкономическое пространство, антропогенный ландшафт, Эйкумен, кругооборот воды, субтропика, муссонный климат, регион, научно-технический прогресс, инновационно-интеллектуальная деятельность, ВВП, биотехнологическая индустрия, ресурсный потенциал, биоэнергетические ресурсы.

**Key words**: ground fund, geoeconomical space, antropogenic landscape, Eykumen, continent, sub tropics, monsoon climate, region, scientific-technical progress, innovational-intellectual activity, internal gross output, biotechnological industry, resource potential, bioenergetic resources.


Жәҳән хожалығының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыў басқышлары өз ишине адамзат жәмийетте тарийхындағы қол жеткен барлық табысларды қамтыйды. Себеби, дүнья жүзи хожалығы өндириўши күшлердиң мың жыллар даўамындағы эволюциясының нәтийжеси есапланады. Усыған сәйкес, жәҳән хожалығының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўының өзине тән *өзгешелиги* уллы географиялық ашылыўларға шекемги дәўирди өз ишине алып, нәтийжеде халық-аралық саўда Европа ҳәм Азиядан кейин жер шарының басқа регионлары ҳәм континентлерин өз ишине қамтыды. Товар алмасыў процесине сәйкес дүнья жүзлик базарды пайда етти, сондай-ақ, XX әсирдиң екинши ярымына шекем көп санлы аймақларды өз ишине қамтып дүнья жүзи хожалығының раўажланыўын тәмийинледи. Бул е*киншиден*, дүнья жүзинде мийнеттиң халық ара бөлиниўине ҳәм халық аралық хожалық байланысларының қәлиплесиўине жол ашты. Ү*шиншиден*, дүнья жүзи хожалығының ҳәзирги структурасының бир тутас географиялық категория болып қәлиплесиўин тәмийинледи. Булар экономикалық-географиялық көзқарастан: 1) улыўма жәҳән хожалығы, 2) хожалықтың тараў ҳәм тараў аралық байланыслары, 3) ири регионлар ҳәм субрегионлар хожалығы системасын пайда етти. Солай етип, XXI әсирге келип, дүнья жүзлик хожалық системасы бир тутас геоэкономика-

лық кеңисликти пайда етип, оны ийелейтуғын туткасын жәҳән мәмлекетлери сан ҳәм сапа көрсеткишлери бойынша жоқары дәрежеге ериспекте. Мәселен, жәҳән бойынша өндирилген жалпы ишки өнимди 100 % деп алсақ, усының Қытай халқ Республикасы 16,32 %, АҚШ 16,14 %, Индия 6,84 %, Уллыбритания 2,9 %, ин таярлап, яки жоқары раўажланған биринши қатардағы 15 мәмлекет дүнья жүзиниң 69,27 % жалпы ишки өнимин таярласа, ал қалған дүнья жүзиниң 190 мәмлекети 30,73 % ин ғана жетистирмекте. Солай етип, геоэкономикалық кеңисликте жәҳән глобал экономиканың жаңа структурасы қәлиплести, яки үлкен структуралық өзгериске ушыраған жәҳән экономикасы бизиң дәўиримизге келип, глобалласыў процесин бастан өткермекте.

Дурысында да, XXI әсирдеги жәҳән глобал экономикасындағы өзгерислер ҳәм регионаллық аспекттеги исшеңликтиң гиреўи инновациялық искерлик пенен тиккелей байланыслы. Мәселен, глобализация дәўиринде қәлиплескен геоэкономикалық кеңисликте жәҳән еллериниң ҳәрекетшеңлиги нәтийжесинде дүнья жүзинде өндирилген жалпы ишки өнимниң (ЖИӨ) көлемин 72-78,7% ке көбейди. Таң қаларлық әҳмийетли тәрепи усы топланған жалпы ишки өнимниң 94% ти XX әсирден соңғы 104 жыл ишинде өндирилсе, ал қалған тек 6% ишки өним бизиң эрамыздың басынан баслап XX әсирге шекемги дәўирлерде өндирилип атыр. Бул дүнья еллериниң раўажланыўы ҳәм тәбийий ресурслардан пайдаланыўдағы инновациялық искерлик пенен тиккелей байланыслы. Усыған сәйкес жәҳән глобал экономикасында арзан тәбийғый ресурслардан пайдаланыў ҳәм аўыл хожалығы шийки зат ресурсларының молшылығын дүзиўге талап артып бармақта.

Бәршеге мәлим, бурын дүньяның көпшилик еллери ҳәм регионлары - арзан жанылғы ҳәм шийки заттан пайдаланыў, сондай-ақ ресурсларды көп талап ететуғын экономика тараўларына ийе еди. Усыған сәйкес, жәҳән еллери жылына ең кем дегенде 10 трлн. доллар сарып етип, 13,4 – 13,6 трлн. кв. саат муғдарында электр энергиясын өндиретуғын болды. Бул жәҳән экономикасы тараўларында тәбийғый ресурслардан көбирек пайдаланыўға, минераллық шийки затларға талапты және де күшейтпекте. Нәтийжеде, арзан жанылғы ҳәм мол аўыл хожалығы шийки затларын өндириў және пайдаланыў мәселеси жаңаша түс алмақта. Жәҳән экономикасындағы баслы бағдар ҳәм стратегия *энергетикалық ресурслардан үнемли пайдаланыўды* тәмийинлеў ҳәм азық-аўқат молшылығын дүзиў менен тиккелей байланыслы болмақта. ЮНЕСКО шөлкеми ҳәм дүньяның көрнекли илимпазларының есап-санақ мағлыўматларына қарағанда бизиң дәўиримизге келип дүнья жүзи халқы сан жағынан жылына 80-82 млн. адамға артыўы тек арзан отын энергетикалық ресурслардың дереклерин табыў емес, ал азық-аўқатлық затларды көбейтиў және оның молшылығын дүзиў ушын жәҳәнниң жер-суў ресурсларынан орынлы жеделли пайдаланыўды талап етпекте.

Илим ҳәм техникадағы прогресске сәйкес жәмийетиниң жер ресурсларына деген талабы күшеймекте ҳәм жыл сайын 5,5 млрд. тоннадай ғәлле ҳәм басқа да азық–аўқатлық өнимлер өндирилмекте. Бирақ, деген менен өндирилип атырған тутыныў товарлары, әсиресе, азық-аўқатлық затлардың өсиў пәти–1,2,3,4,5,6,7 рәўиште көбейсе, ал усы азық- аўқатлық өнимлерди тутынатуғын халық саны геометриялық прогрессияға мегзес 2,4,8,16,32 және усылайынша артпақта, яки азық-аўқатлық өнимлердиң өсиў пәтине қарағанда, тутыныўшылар саны тезирек көбейип атыр. Мине усындай шараятқа, планетамыздың азық-аўқатлық сыйымлылығы тутыныўшылардың талабына шыдаў мүмкин бе деген ойлар бәршени де тәшўишке салмақта. Солай етип, Эйкуменниң азық-аўқатлық өнимлерди таярлаў ушын мөлшерленген майданы 13,4 млрд. гектарды ийелеп, бул планетамыздың 29% аймағына барабар деген сөз. Демек, геоэкономикалық кеңисликтиң жер ресурслары 13,4 млрд. гектарды. Усының 1/3 бөлими (33,0%) өнимдарлылығы төмен, ағный хожалықта пайдаланылмайтуғын батпақлық, таў, шөл, тундра ҳәм поляр үлкелери жерлеринен ибарат. Солай етип, жәҳәнниң жер фондының 36 % аўыл хожалық жерлери, 28 % тоғайлар, ал қалған 3% и антропоген ландшафтларға (елатлы пунктлер, санаат зоналары, транспорт коммуникациясы менен бәнт жерлер ҳәм т.б.) туўра келеди.

Аўыл хожалығында пайдаланылатуғын егислик жерлер, көп жыллық ағашлар (мийўезарлар, жүзимзар ҳәм плантациялар) ҳәм басқа да жерлерди қосып есаплағанда 13,4 млрд. га ды қурайды. Пайдаланыўға жарамлы жерлердиң әдеўир бөлими (70%) Европа, Азия ҳәм Арқа Америкаға туўра келеди. Солай етип, орташа бир адам ушын туўра келетуғын егис жерлер 0,5-0,6 га барабар. Бирақ, бул көрсеткиш дүнья еллери бойынша бир-биринен кескин парықланып, халық тығыз жайласкан жерлерде Азияда 0,15 га, Арқа Америкада 0,6 ҳәм Европада 0,3 гектарға тең. Азия мәмлекетлерине дүнья жүзиндеги пайдаланыўға жарамлы жерлердиң 1/3 бөлими туўра келеди. Усының қубла шығыс Азияға, яки муссонлы климат ийелейтуғын аймақларға 90 % егиске жарамлы жерлер (соннан, Уллы Қытай тегислиги, Индо–Ганг алабы ҳәм т.б. 70-80 % и ) тийисли.

Арқа Америкада аўыл хожалығы жоқары дәрежеде өзлестирилген. Бунда егислик жерлердиң тийкарғы бөлими Орайлық ҳәм Уллы тегисликлерге туўры келип, олар АҚШтың субтропикалық ҳәм тропикалық кеңисликлеринен, Канаданың қубласындағы аймақлардың 60-80 % тин ийелейди. Австралия, Қубла Америка ҳәм Африкада аўыл хожалығына жарамлы жерлердиң көпшилиги жайлаўлардан ибарат болып, Австралияның жер фондының 60% ин жайлаўлар ийелесе, ал егисликке жарамлы жерлери тек 6% ти ғана қурайды. Бирақ, халқының санының азлығы ҳәм оның сийрек жайласқанлығына байланыслы сүрим жерлер менен тәмийинлениў дәрежеси жүдә жоқары, яки орташа бир адамға 1,8 га туўра келеди. Қубла Америка менен Африкада жайлаўлар көп, олар усы континентлер жер фондының 20 % тин қурайды. Усыған сәйкес егислик жерлер менен тәмийинлениў дәрежеси жүдә төмен (олар жан басына бөлгенде Қубла Америкада 0,5 га, Африкада 0,3 гектарды ғана қурайды ).

Дүнья жүзи еллери жер ресурсларынан пайдаланыў бойынша бир-биринен өзгеше. Егислик жерлердиң көлеми бойынша АҚШ (185 млн га), Индия (160), Россия (134), Қытай (95), Канада (46), Қазақстан (36), Украина (34 млн. га) мәмлекетлери жоқары көрсеткишлерге ийе. Солай етип, егин егилетуғын жерлер дүнья жер фондының 30 % ин ғана қурайды. Дүнья еллери бойынша бул көрсеткишлерди анализлесек, онда Индияда 57,1%, Польша 46,9%, Италия 40,3%, Франция 35,3%, Германия 33,9%, АҚШ 19,6%, Қытай 10,3%, Россия 7,8%, Австралия 6,0%, Канада 4,9% ҳәм Египетте барлық жер фондының 2,8 % ин егислик жерлер ийелейди.

Россия дүньяда ең ири жер фондына ийе мәмлекет болып, оның көлеми 1 млрд. 709,8 млн. гектарды қурайды, соннан аўыл хожалығында пайдаланылатуғын жерлер 222,3 млн. га (13 %), сүрим жерлер болса 134 млн. гектарын (7,8 %) ийелейди. Солай етип, Россия егислик жер көлеми бойынша АҚШ пенен Индиядан кейин үшинши орында турады. Жан басына туўра келетуғын сүрим жер Россияда 0,8 га қурап, бул көрсеткиш бойынша тек Австралиядан (1,8 га) кейин екинши орынды ийелейди. Сүрим жерлерди дүнья халқының жан басына бөлгенде, бул АҚШ та 0,6 га, ГФР ҳәм Уллы Британияда 0,1 га, Қытайда 0,09 га, Египетте 0,05 га ҳәм Японияда 0,03 гектарға барабар.

Дүнья жүзи еллеринде аўыл хожалығы мақсетинде өзлестирилетуғын жерлер дерлик аз. Бул ҳәзирги техника ҳәм технология дәрежесинде халықтың өсип баратырған талапларын қанаатландырыўға жеткиликсиз. Сонлықтан, не ислеў керек? деген сораў қойылыўы тәбийий нәрсе. Усыған сәйкес пайдаланыўға жарамлы жерлер хожалық көзқарастан экстенсив ҳәм интенсив аспектте баҳалаўдан өткерилиўи тийис.

Бул машқалаларды ис жүзине асырыў ушын айырым регионлардың суў ресурслары менен тәмийинлениў дәрежесине де итибар бериў кәжет. Географиялық қабықтың суў ресурлары жүдә мол. Илимпаз М.И.Львовичтиң анықлаўынша, гидросфераның суў қабығының көлеми 1458 млн. км$^3$ барабар. Соннан океан ҳәм теңиз суўларының көлеми 1370 млн. км$^3$ ге тең болса, ал жер шары дәрьяларының ҳалықты душшы суў менен тәмийинлеў дәрежеси, яки "суў ҳасылдарлығы" 38800 км$^3$ артпайды. Дәрьялардың алабындағы жыллық стационар суў қоры (1200 км$^3$) болып, ол дүнья жүзи халықларының душшы ишимлик суўға болған талабының ½ ғана тәмийинлеўи мүмкин.

Бирақ, деген менен суў алмасыў (кругооборот воды) нызамын есапқа алсақ, жер шары дәрьяларының айланысы нәтийжесиндеги суў ағымы жыллық, стационарлық суў

қорына қарағанда 30-40 мәрте көбирек қайталанып дәрьядағы суўлар орташа 11 суткада бир мәрте ямаса жыл даўамында 32 мәрте айланыста толысатуғын болады. Солай етип, поляр аймағындағы муз суўларынан пайдаланыў ҳәм океан суўларын душшыландырыў жолы менен суў дереклерин топлаў мәселесин есапқа алсақ, суў машқаласын шешиў мүмкиншилиги аз емес. Бирақ, поляр аймағы музлық суўы, ямаса теңиз сўларын душшыландырыў мәселелери барлық еллердиң қолынан келмеўи мүмкин. Усыған сәйкес, дәўиримизде ҳәўиж алған экологиялық дағдарысты жүўенлеў ҳәм оның зардабынан қутылыўдың бир ғана жолы тәбийий орталықтағы тең салмақлылықты сақлаў ҳәм азық–аўқатлық өнимлердиң молшылығын дүзиўден ибарат.

БМШ мағлыўматларына қарағанда, ҳәзир дүнья еллеринде жыл сайын таярланатуғын азық-аўқатлық өнимлердиң көлеми 5,5 млрд. тоннаға барабар. Усыннан ғәлле жетистириўдиң көлеми 2 млрд. 35,5 млн. тонна, овощ ҳәм картошка өнимлери 1 млрд. 10 млн. тонна, мийўе өнимлери 633 млн. тонна сүт өнимлери 446,4 млн. тонна, ишимлик суўлар – 467 млн. тонна, гөш өнимлери – 264,3 млн. тонна, майлы өнимлер – 385,3 млн. тонна, қант - 141,9 млн. тонна, балық өнимлери – 128,8 млн. тоннаны қурайды. Дүнья жүзи халқының саны бойынша жетекши еллердиң бири Қытайда жылына 1,1 млрд. тонна азық-аўқатлық өнимлер таярланса, бул көрсеткиш АҚШ та – 627,8 млн. тонна, ЕС еллеринде – 575,6 млн. тонна, Ҳиндистанда – 399,4 млн. тонна, Бразилияда – 212,2 млн. тонна, Россияда – 175,5 млн. тонна азық-аўқатлық өнимлер жыйнап алынады. Дүнья жүзи халқының тез пәт пенен өсиўине байланыслы аўыл хожалығы өнимлери менен бир қатарда альтернатив азық-аўқатлық ресурслардан пайдаланыў мәселелерине де айрықша итибар берилмекте. Булар қатарына биоресурслардан пайдаланыў мәселелерин айтсақ болады. Биологиялық ресурсларға тоғай, жайлаў, аңшылық, балық, дәри-дәрмақ өсимликлери ҳәм т.б. киреди. Олар ишинде тоғай ресурслары ең әҳмийетлиси есапланып, Эйкумен халқын таза кислород пенен тәмийинлеўге қатнасады. Тоғайлықлар биологиялық ресурс болыўы менен бирге, халық хожалығын қурылыс материаллары, ағашсазлық, гидролиз, целлюлоза-қағаз индустриясы ҳәм т.б. тараўлар ушын шийки зат, сондай - ақ жанылғы ретинде де пайдаланылады.

ОЭСР–(экономикалық бирге ислесиў ҳәм раўажланыў шөлкеми) мағлыўматлары бойынша жер шары халқы жылына орташа 80 млн. адамға көбейгенде Қытай, Хиндистан, Аргентина, Бразилия ҳәм т.б. еллерде азық-аўқат өнимлерин пайдаланыў дәрежеси қыйынласыўы сөзсиз. Бундай жағдайда Латын Америкасында, Африка еллеринде пайдаланылмаған резервлерди иске қосыў, жаңа биотехнологиялық усыллар тийкарында ресурслардан көплеп пайдаланыў арқалы халықтың жасаў шәраятына байланыслы қыйыншылықлардың алдын алыў мүмкин.

Жоқары инновациялық искерлик ҳәм биостимуляциялық технология менен тәмийинленген еллерде генетикалық жақтан модификацияланған (ГМ) өнимлер де алынбақта. 2000-2005-жыллары жер жүзи бойынша генетикалық жақтан таярланған аўыл хожалық өнимлериниң майданы 44,2 млн. гектардан 90 млн. гектарға көбейтилди. Соннан сояның егислик майданы 54,4 млн. гектарды, мәкке жүўери майданы 21,2 млн.га, пахтаға ажыратылған егислик майданы 9,8 млн.га, рапс майданы 4,6 млн. гектарды қурады. Бул көрсеткиш АҚШ та 49,8 млн. гектарды, Аргентинада 17,1, Бразилияда 9,4, Канадада 5,8, Қытайда 3,3 млн.гектарға жетти. Нәтийжеде, дүнья еллери тәрепинен дүнья базарында биотехнологиялық усыл менен өндирилген өнимлердиң көлеми артты. Усыған сәйкес алдағы перспективада 25 % тен аслам тутыныў товарлары биотехнологиялық индустрия өндирислеринде таярланыўы тийис, нәтийжеде бул XXI әсирдиң ең әҳмийетли тараўларына айланатуғыны сөзсиз.

Бәршеге мәлим, узақ жыллар даўамында Өзбекистан халқы, оның бай тәжирийбеге ийе дийқанлары жерден орынлы пайдаланыўдың унамлы жолларын өзлестирди ҳәм дийқаншылыққа жарамлы жерлерди пайдаланыў, сондай-ақ егислик жерлердиң өнимдарлығын арттырыўда көлемли жумысларды иске асырып атыр. Бул ҳәзирги прогресс заманының тәбияттан пайдаланыў қәделерине де толық жуўап береди. Себеби, биз жасап отырған прогресс заманы генетикалық жақтан модификацияланған (ГМ) технологияны жәмийет турмысына пайдаланбақта ҳәм биотехнологиялық дәстүр тийкарында экологиялық жақтан таза аўыл хожалық өнимлерин таярлаўға ерискенлигимиз көзге тасланбақта. Бул ҳаққында Өзбекистан Президенти И.А. Каримов «Өзбекистанда азық-аўқат программасын иске асырыўдың әҳмийетли резервлери ҳаққында» атамасындағы халық аралық конференцияда ислеген баянатында елимизде жетистирилип атырған барлық аўыл хожалық өнимлердиң сыпатлы, мазалы, витамин ҳәм минералларға байлығының тийкары көп әсирден бери қәлиплескен, дийқаншылық мәдениятымыз биологиялық дийқаншылық тийкарында алып барылып атырғанлығынан деп атап өткен еди [1]. Дурысында да усы болып өткен халық аралық әнжуманның Өзбекистанда өткерилиўиниң өзи үлкен әҳмийетке ийе. Көрип турғанымыздай дүнья жүзиниң көпшилик еллери ҳәм регионларында азық-аўқатлық өнимлерге талап күшеймекте. Бул бириншиден, дүнья жүзи мәмлекетлеринде ҳәм оның айырым регионларында жер -суў ресурсларынан рационаллы пайдаланыўды талап етсе, ал екиншиден, халқының жоқары пәт пенен тәбийий өсиўи, ҳәттеки, айырым еллерде демографиялық тең салмақлықтың бузылыўына байланыслаы (Индия,-Бангладеш ҳәм т.б.), тәбийий ресурслардан пайдаланыўдың дәстүрий қәделерине де итибар бериўди талап етеди. Келешекте биотехнологиялық усыл менен өним жетистириўди көбейтиў бойынша мүмкиншиликлер Өзбекистан шәраятындада жоқары екенлигин ядта сақлаўымыз зәрүр. Өзбекистанда биотехнологиялық өнимлерди таярлаў ушын көлемли егислик жер фонды ҳәм вегетациялық дәўирдеги термикалық ресурслардың муғдары да жоқары. Аўыл хожалығына жарамлы жерлердиң көлеми 33,7 млн. гектарды қураса, вегетациялық дәўирдеги қолайлы тәбийий шәраят ҳәм температуралардың суммасы аўыл хожалық егинлеринен сапалы ҳәм жоқары зүрәәт топлаўға қолайлы. Бизиң шәраятымызда мәселен, қуяш нурларының 1 $см^2$ жерди қыздырыў дәрежеси Москва кеңлигине қарағанда 2 есе дерлик жоқары. Усыған сәйкес, тәбийий факторлардан дурыс пайдаланғанда жыл сайын дүнья жүзлик базарға 3,7 – 4,0 млн. тоннадай пахта, 10 млн. тоннаға жақын мийўе ҳәм овощ, 30 мың. тоннадан аслам пилле, 18 мың тонна жүн өнимлерин, сондай-ақ 1,5 млн. дана жоқары сыпатлы қаракөл терисин шығарыў мүмкиншилиги бар. Өзбекистан шараятында пахта пақалы, салы сабанлары, сондай-ақ басқа да аўыл хожалығы тасландылары есабынан жыл сайын 5-6 млн. тоннадай фурфурол ямаса этил спиртин алыўға шәраят болса, республиканың таўлы аймақларының потенциалынан орынлы пайдаланған жағдайда жылына 400 мың тоннадай жүзим, 350 мың тоннадай мийўе ҳәм қосымша 200 мың тоннадан аслам гөш өнимлерин таярлаўға имканият бар. Сонлықтан, жоқарыда көрсетилген тәбийий ресурсларды хожалық айналысына қосыў ҳәм оннан рационаллы пайдаланыў республикамыздың жәҳән глобал экономикасындағы үлесиниң артыўына мүмкиншилик туўдыратуғына сөзсиз. Жуўмақлап айтқанда, жәҳән глобал экономикасы потенциалы ресурс дереклерине ийе. Егер, жер жүзи халқы ҳәзир 1,47 млрд. га жердиң есабынан өндирилген өнимлерди пайдаланып атырғанлығын есапқа алсақ, онда Американы илимпаз - агроклиматолог Торнтуайт ҳәм Россия академиги Л.И.Прасоловтың илимий көзқарасларына анализ жасаған халда, жер жүзиниң 9,2 – 13,4 млрд. га жер ресурсларын орынлы пайдаланған жағдайда жоқарыда көрсетилген резервлер тийкарында жер шарының 30-35 млрд. халқын тутыныў товарлары менен тәмийинлеў мүмкиншиликлерине ийе. Бул мәселени ҳәр тәреплеме иске асырыўда БМШ шөлкеминиң дүзилгенине 70 жыл толыў сәнесине арналған 70 – сессиясының материалларына да итибар бериў керек. Юбилей сессияға қатнасқан 165 дүнья еллериниң биринши басшыларының пикирлерине итибар берсек, олардың көпшилиги дерлик глобалласыў дәўиринде заманымыздың турақлы раўажланыў партиясы руўхында экономика тараўында нәтийжелиликке ерисиў жоллары қарастырылған. Усыған сәйкес ҳәзирги әскерий ҳәм қуралланыўға сарып етилетуғын 1,7 трлн. доллар көлеминдеги қаржыны, тек 1% ке қысқартыў арқалы топланған ақшаны турақлы раўажланыў концепциясы жумысларын жеделлестириў ушын пайдаланған шараятта бир қанша алға илгерилеўлер болар еди деген усынызлар да көрсетилген. Буған қосымша, биотехнологиялық усылда азық-аўқат

өнимлерин көбейтиўге ерискен жағдайда жәҳән еллери үлкен көлемдеги потенциалға ийе болатуғыны сөзсиз. Сонлықтан, жәҳәнниң ресурс потенциалынан ақылға муўапық пайдаланыў ҳәм оның қорларын байытыў прогресс заманының баслы ўазыйпасына айланыўы зәрүр.


**Әдебиятлар**

1. Каримов И.А. Өзбекистанда азық-аўқат программасын иске асырыўдың әҳмийетли резервлери ҳаққында. /« Народное слово», -Т.: 2014, 110 ( 6010).
2. Валлерстайн И. Экология и экономика в глобальном контексте. //«Вопросы экономики» -Москва: 2006 №11.
3. Вашкин Н.П., Мунтян М.А., Урсул А.Д. Глобализация и устойчивое развитие. – М.: МГУК, 2002, -С.585.
4. Вахабов А.В. ва б. Жаҳон иқтисодиёти ва халқаро иқтисодий муносабатлар. -Тошкент: Молия, 2011.
5. Умаров Е.К., Баллиева Р., Пренов А.Б. «Экономикалық прогресс ҳәм жәҳәнниң ресурс потенциалынан пайдаланыў проблемалары». -Нөкис: 2015, 92- б.
6. Итоги социально-экономического развития Республики Ўзбекистон за январь-декабрь 2000-2010- 2014 гг. Статический сборник. - Ташкент: 2011, 2015.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ҳар хил иқтисодий ривожланиш даражасига эга бўлган, интеллектуал-инновацион фаолият натижасида тараққий қилган давлатлар ишлаб чиқариш кучларидан фойдаланиш мақсадида жаҳоннинг баъзи бир қитъа ва давлатлари захираларидан оқилона фойдаланиш контекстида дунё иқтисодиётида ер-сув заҳираларининг ўринлашиши хусисиятлари қараб чиқилган

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются особенности размещения земельно-водных ресурсов мировой экономики в контексте рационального освоения его запасов в отдельных континентах и странах мира для использования в производственных целях под влиянием интеллектуально - инновационной деятельности государств, с различными уровнями экономического развития.

**SUMMARY**

The article deals with the peculiarities of the placement of land and water resources of the world economy in the context of sustainable development of its reserves in separate continents and countries of the world for industrial purposes under the influence of intellectual innovation of states, with different levels of economic development.


**TARIYX HA'M HUQIQTANIW**

# МАРКАЗИЙ ОСИЁНИ ЯДРО ҚУРОЛИДАН ҲОЛИ ЗОНАГА АЙЛАНТИРИШДА ЎЗБЕКИСТОН ТАШАББУСКОРЛИГИНИНГ ЎЗИГА ХОС ЖИҲАТЛАРИ


**Ф.Абдуллаева**- *ўқитувчи*

*Бухара давлат университети*



**Таянч сўзлар:** ядро қуроли, хавфсизлик, ташки сиёсат, конун, ташаббускорлик, худуд,

**Ключевые слова:** ядерное оружие, безопасность, внешняя политика, закон, инициатива, территория

**Key words:** Nuclear weapon, security, foreign policy, law, intiativeness, territory.


Ўзбекистон мустақилликнинг биринчи кунлариданоқ инсонпарварлик, тинчликсеварлик қадриятларига таянган ҳолда тинчлик ва яратувчанлик йўли билан ривожланиш тенденциясини танлади. Ўзбекистон бугунги кунда халқаро ҳамжамиятнинг тенг ҳуқуқли аъзоси. Унинг сиёсатида жаҳондаги барча мамлакатлар билан ўзаро манфаатли алоқаларни йўлга қўйиш, етакчи халқаро иқтисодий, молиявий ҳамда инсонпарварлик ташкилотлари билан ҳамкорликни кучайтиришни давом эттириш кабилар энг устувор йўналиш бўлиб қолмоқда.

Тарихнинг гувоҳлик беришича, минтақавий ва минтақалараро интеграцияни чукурлаштириш, яъни икки томонлама иттифоқчилик муносабатларини йўлга қўйиш, ШҲТ, ЕврАзЭС каби тузилмаларни ривожлантириш орқалигина Марказий Осиёда тинчлик ва барқарорликни сақлаш масаласини ҳал этиш мумкин. Акс ҳолда, халқаро терроризм, экстремизмнинг тарқалишига қарши биргаликда самарали курашиш, рақобатбардош иқтисодиётни шакллантириш ҳамда собиқ иттифоқ республикаларининг деярли барчасига хос бўлган талай ижтимоий муаммоларнинг ҳал этилиши амримаҳол [1:415].

Марказий Осиёдаги барча мамлакатлар ва халқлар манфаатлари ҳамда минтақавий хавфсизликни таъминлашни чуқур англаган ҳолда Ўзбекистон Президенти Ислом Каримов ўзининг барча саъй-ҳаракатларини минтақанинг тинчлик йўли билан ва барқарор ривожланишини таъминлашга қаратмоқда.

Ўзбекистон учун минтақавий ядро хавфсизлиги таҳдиди долзарб аҳамият касб этади. Масалан, Ҳиндистон ядро куролларини тарқатмаслик тўғрисидаги Шартномани имзолаган бўлса-да, айни пайтда, мустақил равишда ядро ёқилғисини қайта ишлайди ва Покистон сингари ядро қуролига эга эканини эътиборга олиш зарур. Хитой ҳам ядро қуролига эга бўлган давлат. Ҳиндистон ядро қуроли синовини ўтказган вақтдан буён минтақадаги мувозанат ва барқарорликка жиддий зарар етказди. Кейинги йилларда Эрон ҳам ўзининг ядро дастурини фаоллаштиришга ҳаракат қилмоқда. Эрон ядро дастури атрофида вужудга келган вазият минтақавий хавфсизликка жиддий таҳдид солиши ҳамда глобал оқибатларни келтириб чиқариши мумкин[1:419].

Ўзбекистоннинг минтақавий можароларни тинч йўл билан ҳал қилиш, Афғонистондаги биродаркушлик урушларига барҳам бериш, Марказий Осиёни ядро қуролидан холи ҳудуд деб эълон қилиш каби ташаббуслари халқаро кенг жамоатчилиги томонидан тўла қўллаб-қувватланди. Айниқса, мамлакатимиз Президенти Ислом Каримов 1993 йил 28 сентябрда БМТ Бош Ассамблеясининг 48-сессиясида иштирок этиб қуйидагиларни баён этган эди: "Ҳозирги замон воқелиги шундайки, бир мамлакатнинг хавфсизлиги бошқа давлат ҳисобидан таъминланиши мумкин эмас. Минтақа хавфсизлигини бутун жаҳон хавфсизлиги муаммоларидан ажралган ҳолда кўриб бўлмайди. Шунга асосланиб, Ўзбекистон ядро қуролининг батамом тугатилиши учун, Ядро қуролини тарқатмаслик тўғрисидаги Шартноманинг самарали ҳаракат қилиши ва унинг ҳеч бир муддатсиз узайтирилиши учун ҳаракат қилади...Ўзбекистон Марказий Осиё минтақасининг ядросиз зона деб эълон қилинишининг қатъий тарафдоридир"[2:415-419].

1995 йил эса бўлиб ўтган БМТ Бош Ассамблеясининг навбатдаги 50-сессиясига давлатимиз раҳбари иштирок этар экан, жаҳон ҳамжамияти эътиборини Афғонистон муаммосига қаратиб, Ўзбекистон Афғонистонга қурол-яроғ киритилишига қарши халқаро эмбарго қўйиш ғояси билан чиқиб, бу мамлакатда умуммиллий муросага эришилиши учун коалицион ҳукумат тузиш моделини таклиф этиш каби ташаббуслари алоҳида аҳамиятга эгадир.

Марказий Осиё республикалари билан ҳамкорлик ташқи сиёсатимизнинг устувор йўналишларидан бири бўлиб қолмоқда. Бунга сабаб, Ҳамдўстлик мамлакатларининг ҳудудий яқинлиги ва иқтисодий жиҳатдан боғланганлигигина эмас, балки чуқур тарихий илдизлар, маданий ва маънавий алоқалар, катта тарихий давр мобайнида халқларимизнинг муштарак тақдирга эга бўлганлигидир [3-5].

Марказий Осиё-ядро қуролидан холи зона ғоясини ҳаётга татбиқ этиш Марказий Осиё давлатлари билан бир қаторда, ядро қуролига эга бўлган бешта давлат АҚШ, Буюк Британия, Франция, Хитой, Россиядан ҳамда Бирлашган Миллатлар Ташкилотининг тегишли тузилмаларидан узоқ вақтни талаб этди. 1997 йил 28 февралда Ўзбекистон, Қозоғистон, Туркманистон, Тожикистон давлати раҳбарлари Қозоғистонда бўлиб ўтган учрашувда ҳамжиҳатлик билан Марказий Осиёда ядро қуролидан холи зона яратиш ҳақидаги ташаббусни қўллаб-қувватлашган ҳолда Олмаота Декларациясига имзо чекдилар. Ушбу ҳужжат ядро қуролини тарқатмаслик йўналишида иштирокчи давлатлараро сиёсий ишонч муҳитини яратди. Айнан ушбу сиёсий жараён Марказий Осиёни ядро қуролидан холи зонага айлантириш ғояси минтақанинг барча беш давлати ва улар ҳудудида истиқомат қиладиган халқларнинг умумий хоҳиш-